

**KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON KONSÈNAN
TRETMAN POU AKOUTIMANS CHIMIK POU
LOJMAN PÈMANAN AVÈK SIPO**

Nimewo Idantifikasyon Medicaid Moun ki Aplike a

Non Fanmi Moun ki Aplike a, Prenon Li, M.I.:

Non Manm Ekip Founisè Lojman an:

Non ak Adrès Founisè Lojman an:

EKSPLIKASYON:

- 1) BAY YON KOPI FÒM SA A KI RANPLI A POU MOUN KI APLIKE A;
- 2) METE YON KOPI FÒM SA A KI RANPLI A POU NAN DOSYE MOUN KI APLIKE A; EPI

1) Mwen, ki siyen anba la a, Moun ki Aplike a, **MWEN BAY KONSANTMAN MWEN** epi mwen bay otorizasyon pou gen kominikasyon ant ak pami **Founisè Lojman**, ki endike anwo a, Biwo pou Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York (OASAS); Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York; ak Sant Nasyonal pou Akoutimans ak Abi Alkòl/Dwòg (Center on Addiction and Substance Abuse, CASA) nan Columbia University.

Mwen **BAY KONSANTMAN MWEN** pou yo **DIVILGE ENFÒMASYON** konsènan: prenon mwen; premye inisyal dezyèm prenon mwen; non fanmi mwen; non jèn fi mwen; nimewo Id Medicaid mwen; dat mwen fèt; nimewo sekirite sosyal mwen; sèks mwen lè mwen te fèt; sèks mwen nan moman an, dat lojman avèk sipò a te kòmanse, dat lojman avèk sipò a te fini, dat konsantman sa a ak enfòmasyon enpòtan ki nan sistèm Medicaid Eta New York ak sistèm done sou kliyan OASAS.

Divilgasyon enfòmasyon sa yo se pou **OBJEKTIF** pou pèmèt ajans ki endike anwo a pou yo kominike konsènan bezwen tretman mwen, aktivite, istwa, epitou pou yo evalye tretman mwen pou objektif kontwòl, objektif jesyon dosye, epitou pou yo fè lòt devwa ofisyèl yo;

EPITOU

2) Mwen **BAY KONSANTMAN MWEN** epi mwen otorize kominikasyon ant ak pami **Founisè Lojman** ki endike anwo a ak Biwo pou Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (**OASAS**) Eta New York; ak OASAS pou yo **DIVILGE ENFÒMASYON** ki endike anwo a ba Sant Nasyonal pou to Sant Nasyonal pou Akoutimans ak Abi Alkòl/Dwòg (**CASA**) nan Columbia University, pou **OBJEKTIF** analiz itilizasyon Medicaid ak aktivite evalyasyon pwogram nan. Mwen rekonèt nenpòt rapò oswa etid yo rasanble nan dosye mwen yo divilge yo avèk divilgasyon sa a p ap gen ladan enfòmasyon ki ka idantifye mwen pèsònèlman k ap rete an sekre epi ki pwoteje kont lòt re-divilgasyon.

Mwen, ki siyen anba la a, mwen li sa ki anwo a, epi mwen bay otorizasyon pou ajans divilgasyon an ki endike anwo a divilge, jwenn ak bay enfòmasyon sa yo jan sa endike nan dokiman an. Mwen rekonèt, sof si gen lòt endikasyon, konsantman sa a ap rete anvigè pandan senk (5) ane apre mwen siyen konsantman sa a OSWA m ap kite apatman lojman avèk sipò a, kèlkeswa sa ki pi long lan, si mwen anile konsantman sa a.

Mwen rekonèt tou nenpòt divilgasyon nenpòt enfòmasyon ki idantifye mwen depannde Tit 42 Kòd Règleman Federal ki detèmine sekre enfòmasyon ki nan dosye pasyan abi alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability, HIPAA) 45 C.F.R. Pts. 160 ak 164; epi gen entèdiksyon pou re-divilge enfòmasyon sa yo ba yon lòt moun oswa ajans ki pa endike anwo san mwen pa bay otorizasyon alekri.

NÒT:

Nenpòt enfòmasyon yo divilge nan fòm sa a **FÈT POU** akonpaye avèk fòm **Entèdiksyon sou Re-Divilgasyon Enfòmasyon Konsènan Pasyan k ap Swiv Tretman pou Akoutimans nan Sibstans Chimik (TRS-1)**

Non Moun ki Aplike a an Lèt Detache)

(Siyati Moun ki Aplike a)

(Dat la)